

# PLIS OPÒTINITE POU JWENN TRAVAY

Opòtinite travay pou moun ki gen andikap

Rapò anyèl 2023-2024

Kontni yo

Konsèy Reyadaptasyon Florida (Florida Rehabilitation Council, FRC) ..... 5

Konsènan FRC ..... 5

Misyon FRC a .....	5
Vizyon FRC .....	5
Fowòm Piblik FRC pou 2025 .....	5
Manm FRC yo .....	5
Mesaj Prezidan FRC .....	6
Pou vin yon manm konsèy la .....	7
Rezime Rekòmandasyon Konsèy la pou Plan Konbine Eta a 2024-2028.....	8
REKÒMANDASYON 1 - Rekritman ak Retansyon Konseye .....	8
REKÒMANDASYON 2 – Tranzisyon .....	8
REKÒMANDASYON 3 - Estrateji pou kontakte biznis yo.....	9
REKÒMANDASYON 4 - Dwa ak Rezolisyon Konfli .....	9
REKÒMANDASYON 5 - Fè Piblik la Konnen ak Kontakte Moun .....	9
REKÒMANDASYON 6 – Moun ki gen Andikap ki pi Grav yo .....	9
REKÒMANDASYON 7 - Pèfòmans Jeneral Ajans lan .....	9
REKÒMANDASYON 8 – Travay Endepandan ak Ajisteman Travay.....	10
Sondaj Opinyon Kliyan .....	11
Pri Steven R. Wise.....	12
Konsènan Pri Wise la.....	12
Moun ki te genyen anvan .....	13
Vin yon Kliyan VR .....	14
Kiyès ki kalifye pou sèvis VR yo?.....	14
Ki sèvis VR genyen pou jèn yo?.....	14
Kijan mwen kapab aplike? .....	14
Mesaj Direktè VR .....	15
Apèsi sou Pwogram lan.....	15
Istwa yon moun ki reyisi: William Espinoza .....	17
Done VR Nan yon kout je 2023-2024.....	18
Mezi Jeneral.....	18
3 Premye Kalite Travay .....	18
Enfòmasyon Demografi Kliyan yo.....	18
Gwoup Laj yo.....	18
Ras moun yo ki resewva sèvis .....	18
Kategori Prensipal Andikap Kliyan yo ki Resewwa Sèvis.....	18
Mezi Pèfòmans WIOA yo.....	18
Istwa yon moun ki reyisi YourTEK Professionals (Pwofesyonèl Teknoloji Pa Ou).....	19
Bon Pratik nan Sante Mantal .....	19
Benefis IPS pou moun k ap patisipe yo .....	19

Benefis IPS pou founisè yo .....	19
Sèvis Tranzisyon Avan Travay .....	20
Ki sa Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-Employment Transition Services (Pre-ETS)) ye? .....	20
Kilès ki Kalifye pou Resevwa Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-ETS)? .....	20
Ki definisyon yon elèv ki gen andikap? .....	20
Kisa ki diferans ant moun ki ka kalifye e moun ki kalifye? .....	20
Ki senk Pre-ETS obligatwa yo ye? .....	20
Ki diferans ki genyen ant Pre-ETS ak sèvis yo bay nan lekòl? .....	20
Ki avantaj Pre-ETS genyen?? .....	21
Done Enpòtan Pre-ETS.....	21
Istwa yon moun ki reyisi: Christine Gerard .....	21
Istwa yon moun ki reyisi: Austin Henson .....	21
Career Camps (Kan Pwofesyonèl) .....	22
Istwa yon moun ki reyisi: Hyatt Place nan Ayewopò Pensacola .....	22
Rekonpanse Pwogrè Elèv yo: Pwogrè Mezirab Konpetans .....	22
Kisa ki Pwogrè Mezirab Konpetans (Measurable Skill Gain, MSG)? .....	22
Poukisa MSGs enpòtan? .....	22
Kijan yo kalkile MSG yo? .....	23
Ki sa ki 5 kalite MSG yo ye? .....	23
Kijan VR ede elèv yo reyalize MSG yo? .....	23
Pousantaj moun ki patisipe yo ki gen yon MSG pou 2023-2024.....	23
Kenbe bon anplwaye: Gen bon chanjman nan pousantaj pòs ki vid nan VR .....	24
Istwa yon moun ki reyisi: Zachary Hoaglund.....	24
Vin yon Vandè VR.....	25
Kisa yon Vandè ye? .....	25
Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl .....	25
Definisyon Done yo ak Akwonim yo .....	26



# Konsèy Reyadaptasyon Florida (Florida Rehabilitation Council, FRC)

## Konsènan FRC

Konsèy Reyadaptasyon Florida (Florida Rehabilitation Council, FRC) fè pati yon rezo konsèy reyadaptasyon nan eta a yo te kreye gras ak Amandman ane 1992 nan Lwa sou Reyadaptasyon 1973 la (1992 Amendments to the Rehabilitation Act of 1973). Yo te kreye FRC pou ede Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) nan planifikasyon ak devlopman pwogram ak sèvis reyadaptasyon nan tout eta a epi nan rekòmandasyon amelyorasyon pwogram ak sèvis. Se gouvènè a ki nonmen manm FRC yo. Pou plis enfòmasyon konsènan kijan pou vin yon manm FRC oswa kisa ki obligatwa pou w vin manm, ale sou [www.RehabWorks.org](http://www.RehabWorks.org) oswa kontakte FRC nan 850-245-3397.

## Misyon FRC a

FRC angaje l nan ogmantasyon kantite anplwa, amelyorasyon otonomi epi dispozisyon pou yon pi bon kalite lavi pou abitan eta Florida ki andikape yo.

## Vizyon FRC

Patenarya pou kreye opòtinite pou anplwaye tout moun ki andikape nan nenpòt travay yo vle epi ki byen peye yo.

## Fowòm Piblik FRC pou 2025

Pou enfòmasyon ki ajou, tanpri ale sou paj Kalandriye ak Aktivite FRC la:

<https://www.rehabworks.org/frc/frc-events.html>.

## Manm FRC yo

- Kelly Rogers - Kelly Rogers - Direktè Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR)
- Andy Houghton - Prezidan Konsèy la
- Tammy Davis - Premye Vis-Prezidan ak Chèf Komite Konsyantizasyon Piblik sou Lwa yo
- Delaina Parrish - Dezyèm Vis Prezidan
- Lisa Mason - Reprezante moun ki bay sèvis reyadaptasyon nan kominote a
- Jose Morales - Reprezante moun ki gen andikap
- Allison Klein - Reprezante Pwogram Asistans pou Dwa Moun ki gen Andikap
- Darlene Laibl-Crowe - Reprezante moun ki gen andikap
- Matt Motko - Reprezante moun ki bay sèvis pou reyadaptasyon nan kominote a
- Christopher Romero - Prezidan Komite Evalyasyon ak Planifikasyon
- Matti Wiczorek - Reprezante moun ki aplike oswa resevwa sèvis VR yo, swa kounye a oswa anvan
- Denis Roy - Reprezante moun ki gen andikap

# Mesaj Prezidan FRC

Nan non Konsèy Reyadaptasyon Florid la, se yon plezi pou m prezante rapò anyèl 2023-2024 la – Plis opòtinite pou jwenn travay-Opòtinite travay pou moun ki gen andikap.

Kounye a ke m fèk fini dènye manda m kòm prezidan, mwen fyè anpil travay Konsèy Reyadaptasyon Florida (FRC) ak Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) fè pou kreye yon pi bon relasyon travay ak anpil gwoup moun ki angaje yo ki vle pou tout moun gen plas yo epi fè pwogram VR la mache pi byen. Mwen ta renmen di mèsè tou epi rekonèt chèf VR yo pou sipò yo bay Konsèy la nan wòl li pou revize, analize epi bay konsèy sou pwogram VR la epi pou yo bay plis enfòmasyon sou eksperyans ak opinyon kliyan VR yo ak moun ki gen enterè nan pwogram nan. Kèk nan bagay FRC te reyisi fè nan ane ki sot pase a, men yo:

- FRC, ansanm ak VR, kreye yon nouvo Kesyonè pou Opinyon Kliyan kote yo resevwa enfòmasyon epi yo analize yo. Enfòmasyon sa yo ap ede Konsèy la fè bon rekòmandasyon pou amelyore règleman yo ak fason y ap fè travay la. Y ap itilize done reyèl epi chak manm ap pataje eksperyans gwoup moun yo reprezante yo.
- FRC te ankouraje pou yo ogmante salè anplwaye VR yo nan Plan Leta 2020-24 la. Rekòmandasyon sa a te rive ane pase lè Lejislatif Florid la ak Gouvènè Ron DeSantis te vote pou yon gwo ogmantasyon salè pou anplwaye VR ki ap travay dirèkteman ak moun yo nan sesyon lejislatif 2022-23 la.
- FRC te chèche opòtinite pou fè konnen epi konekte sèvis relasyon biznis VR la ak konpayi nan Florid ki bezwen anplwaye kalifye, epitou pou amelyore chans travay ak fòmasyon pou moun ki gen andikap.
- FRC la te prepare yon gwo lis rekòmandasyon pou seksyon sèvis VR yo nan Plan Leta Florid pou ane 2024 rive 2024-28.
- FRC te mete aksan sou fè plis moun konnen pwogram VR la. Yo te travay ansanm ak VR pou ale jwenn plis moun epi yo te kreye anpil materyèl pou fè piblisite.
- FRC te fè kat (4) reyinyon chak twa mwa epi li te ankouraje patnè yo pataje enfòmasyon yo ak travay ansanm pou yo ka ranfòse koneksyon yo epi fè sèvis yo mache pi byen ansanm.

Pandan n ap resevwa Tammy Davis kòm nouvo Prezidan Konsèy Reyadaptasyon Florida, mwen gen konfyans ke Konsèy la ap kontinye pwogrè nou te fè pou travay ak kominote Reyadaptasyon Pwofesyonèl la, e ansanm, nou pral fè Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl Florid la vin lidè ki gen rekonesans nan ede moun ki gen andikap jwenn epi kenbe yon bon travay ki gen sans. Si w ta renmen aprann plis sou FRC oswa sou fason pou w aplike pou vin yon manm, tanpri ale sou sitwèb nou an nan <https://www.rehabworks.org//frc/frc-about.html> oswa kontakte nou nan [FRCCustomers@vr.fldoe.org](mailto:FRCCustomers@vr.fldoe.org).

Lizay,

Andrew Houghton, Prezidan

Konsèy Reyadaptasyon Florida (Florida Rehabilitation Council, FRC)

## Pou vin yon manm konsèy la

Lalwa federal mande pou kèk gwoup moun enpòtan dwe nan konsèy la (tankou konpayi, òganizasyon k ap ede moun andikape, ak gwoup andikape). Se biwo egzekutif Gouvènè a ki fè nominasyon sa yo. Moun ki nan FRC reprezante gwoup sa yo ki konsène e yo bay pwèn vi yo ak lide yo sou opòtinite yo ak pwoblèm moun ki gen andikap ap fè fas ansanm ak gwoup yo reprezante yo.

- Biznis, Endistri ak Travay
- Òganizasyon ki bay sèvis reyadaptasyon nan kominote a
- Gwoup ak moun ki gen andikap
- Sant Enfòmasyon pou Fòmasyon Paran
- Konsèy Investisman nan Fòs Travay pou tout Leta a
- Moun ki aplike kounye a oswa ki te aplike anvan pou sèvis VR yo
- Konseye nan Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR)
- Konsèy Lavi Endepandan Florid (Florida Independent Living Council, FILC)

Manm FRC yo ansanm ak VR travay ansanm antanke asosye estratejik pou fè gen plis moun andikape jwenn anplwa nan travay konpetitif ak entegre y ap gen pou yo chwazi epi nan konsève konpetans ak kapasite yo.

Si w vle aplike pou travay nan FRC, tanpri voye yon lèt kote w eksplike poukisa w enterese ak yon CV nan adrès sa a [FRCCustomers@vr.fldoe.org](mailto:FRCCustomers@vr.fldoe.org).

# Rezime Rekòmandasyon Konsèy la pou Plan Konbine Eta a 2024-2028

Konsèy Reyadaptasyon Florida (FRC) bay kòmantè ak rekòmandasyon sa yo konsènan pati sèvis VR nan Plan Konbine Eta Florid 2024-28 la, dapre sa lalwa eta a ak lalwa federal la mande.

FRC la ap bat bravo pou ogmantasyon salè pèsònèl Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl Florid (Florida Division of Vocational Rehabilitation, FDVR) nan bidjè ane fiskal 2023 la, epi yo espere sa pral ede yo rekrite, anplwaye ak kenbe plis anplwaye. Pou konnen ki efè ogmantasyon sa a genyen, FRC rekòmande pou VR fè swivi regilye sou rekritman, anbochaj ak kenbe anplwaye yo. FRC wè ogmantasyon salè a tankou yon bon etap epi li ankouraje VR pou kontinye chèche lòt fason pou ogmante salè ak lòt avantaj pou tout anplwaye yo.

FRC rekòmande pou VR kontinye efò li pou kontakte patnè yo epi kòmanse fè reyinyon ak patnè yo chak twa mwa oswa chak sis mwa nan tout eta a pou yo ka amelyore kominikasyon an ak relasyon travay ant VR ak moun ki bay sèvis reyadaptasyon nan kominote a (Community Rehabilitation Providers, CRP), sa gen ladan li mete ansanm sèvis pwovizwa yo ak pwosesis pou peye bòdwo yo.

Anplis, FRC di VR dwe ede moun jwenn pi bon kalite travay. VR dwe kontinye travay pou diminye kantite moun y ap plase nan travay ki pa peye byen epi ki pa mande anpil konpetans, paske nan travay sa yo, moun kite travay la rapid. FRC la ankouraje tou inisyativ pou diminye tan li pran pou moun ki nan pwogram VR la pase nan pwosesis devlopman plan ak detèminasyon kalifye pou yo rive nan Plan Pèsonalize pou Travay (Individualized Plan for Employment, IPE) yo.

FRC la ap kontinye fè travay lalwa mande l fè a, jan atik 413.405 Lwa Florid la di l la, pou l gade, etidye epi ede VR lè y ap prepare, kreye epi amelyore pwogram yo.

## REKÒMANDASYON 1 - Rekritman ak Retansyon Konseye

- Travay pou ogmante salè ak lòt avantaj pou tout anplwaye yo.
- Kreye plis opòtinite fòmasyon an pèsòn.
- Kreye yon pi bon koneksyon ant administrasyon an ak anplwaye pou ede amelyore kapasite anplwaye yo epi rezoud pwoblèm rekritman ak fason pou kenbe anplwaye yo nan travay la.
- Bay rapò sou jan inisyativ sa yo ap mache nan reyinyon FRC chak twa mwa.

## REKÒMANDASYON 2 – Tranzisyon

- Kontinye fè pwomosyon kontak ak asistans rapid pou tout elèv ki gen andikap yo nan kad yon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Educational Pprogram, IEP) oswa yon Plan 504.
- Kontinye agrandi epi ogmante chwa chemen travay yo pou yo enkli eksplorasyon metye, fòmasyon teknik, aprantisaj ofisyèl ak pre-aprantisaj, epi ankouraje elèv ki nan tranzisyon yo pou yo kòmanse reflechi bonè sou opsyon yo gen apre lekòl segondè.
- Evalye epi rapòte sou règleman ak pratik ki ka kreye baryè lè yon moun ap pase de lekòl al nan travay.
- Rekòmanse pwojè kote kamarad ede kamarad pou jèn ak elèv ki gen andikap atravè tout eta a, epi idantifye founisè sèvis pou ede mete pwojè yo an aplikasyon.

- Idantifye opòtinite pou nou devlope estrateji maketing pou n vize pi byen tout elèv yo, direktè edikasyon espesyal, pwofesè, konseye lekòl ak paran, sa gen ladann materyèl dijital ak lòt materyèl.
- Gade posiblite pou elaji sit Project Search atravè tout eta a, selon jan mwayen pèmèt.

### REKÒMANDASYON 3 - Estrateji pou kontakte biznis yo

- Gade ki jan sistèm FDVR la ap mache pou travay pi byen ak patwon biznis yo, pou jwenn travay ki peye byen epi kenbe moun nan travay ki gen avni, epi fè plis kolaborasyon.
- Rete konsantre sou sa moun ki patisipe yo fò ladan l, epi devlope zouti pou kominike byen ak patwon ki ka anplwaye yo.
- Konsidere tou pwogram preparasyon ak pwogram aprantisaj ofisyèl yo.

### REKÒMANDASYON 4 - Dwa ak Rezolisyon Konfli

- Asire tout anplwaye ak patisipan FDVR yo konnen epi yo jwenn opsyon sèvis ki disponib nan Pwogram Asistans Kliyan Disability Rights Florida (Òganizasyon ki defann dwa moun andikape nan Florid) (Client Assistance Program, CAP) ak nan Biwo Ombudsman FDVR la. Yo ta dwe bay enfòmasyon sa a lè yo ogmante kolaborasyon an epi lè yo travay pi plis ansanm, tankou anplwaye FDVR k ap travay avèk CAP epi k ap bay lèt desizyon ki gen dwa fè apèl ak règleman yo ladan yo.

### REKÒMANDASYON 5 - Fè Piblik la Konnen ak Kontakte Moun

- Anvan ou pibliye materyèl piblisite yo, kontakte ekip maketing FDVR la pou yo ka revize pou asire w ap itilize yon langaj ki konsidere moun yo anpremye epi ki reprezante moun ki gen andikap yo yon fason otantik.
- Chèche kolaborasyon ak Biwo Edikasyon Espesyal ak Sèvis Elèv ki nan Depatman Edikasyon Florid la pou pi byen rive jwenn elèv ki gen andikap yo ak paran yo.
- Chache travay ansanm ak òganizasyon sante yo pou fè plis moun konnen FDVR.

### REKÒMANDASYON 6 – Moun ki gen Andikap ki pi Grav yo

- Gade fason kreyatif pou rezoud pwoblèm transpò nan tout eta a pou ede patisipan VR yo jwenn travay pi fasil.

### REKÒMANDASYON 7 - Pèfòmans Jeneral Ajans lan

- Chèche amelyore fason pou bay rapò sou done ki gen rapò ak travay FDVR fè nan zòn espesyal tankou angajman rapid ak patisipan ki poko jwenn sèvis oswa ki pa jwenn ase sèvis.
- Amelyore kalite travay patisipan VR yo jwenn, tankou diminye travay ki peye ti kòb ak travay san fòmasyon kote anpil moun kite vit, epi ogmante travay ki peye pi byen ak ede moun rete nan travay ki ka vin yon karyè pou yo.
- Ogmante kolaborasyon ak ajans federal yo ak ajans leta yo, e sa gen ladan kreye yon sistèm ki mete enfòmasyon ak sèvis yo ansanm.

- Asire tout patisipan VR yo, ansanm ak jèn timoun ak elèv ki gen andikap, resevwa sèvis planifikasyon benefis anvan yo kite lekòl segondè pou yo ka gen konesans ki nesèsè pou yo pran desizyon enfòmè sou kesyon chèche travay ki ka pote lavi pou yo.
- Kòmanse fè reyinyon ant patnè yo chak twa mwa oswa chak sis mwa nan tout leta a pou amelyore kominikasyon an ak relasyon travay ant FDVR ak CRP yo.
- Swiv, gade epi verifye konbyen moun ki mande sèvis kont konbyen nou kapab bay pou sèvis reyadaptasyon teknik yo selon kalite sèvis ak kote yo ye.
- Ogmante oswa amelyore kowòdinasyon ant sèvis pwovizwa yo ak pwosesis faktirasyon ak founisè sèvis travay ak vandè ki otorize pa FDVR.

## REKÒMANDASYON 8 – Travay Endepandan ak Ajisteman Travay

- Evalue epi konpare sèvis travay endepandan ak lòt pwogram pou moun k ap monte biznis nan eta Florid la pou yo ka pi byen ede patisipan VR yo rive jwenn objektif travay yo. Egzaminen mwayen pou modènize ak akselere kreyasyon sèvis anplwa otonòm yo.
- Epi apre sa a kreye kapasite pou pèsonalizasyon ak inovasyon anplwa ak pwojè agrandisman pou entegre moun nan popilasyon an ki pa jwenn sèvis oswa yo neglije.
- Asire patisipan VR yo resevwa sèvis planifikasyon avantaj pou yo ka gen konesans yo bezwen pou pran desizyon ak enfòmasyon lè y ap kalkile si yo vle travay pou tèt yo oswa fè biznis.

# Sondaj Opinyon Kliyan

FRC oblije gade epi analize si travay ajans FDVR la efikas, si kliyan yo satisfè, ak sèvis reyadaptasyon yo, ansanm ak rezilta travay moun ki kalifye yo jwenn, sa gen ladan tcheke tou si moun ki kalifye yo ka jwenn benefis tankou asirans sante ak lòt avantaj ki vini ak travay la. FRC ak FDVR sèvi ak enfòmasyon ki soti nan sondaj opinyon kliyan yo pou yo konsantre sou domèn espesifik kote yo fè bon travay pou yo rekonèt sa, epi tou sou domèn kote yo ka amelyore sèvis yo.

Plis pase 70% moun ki reponn yo te di ke:

- Yo te satisfè an jeneral ak asistans FDVR la (75.9%).
- Éd la ta pèmèt yo rive jwenn objektif travay yo alontèm (73.3%) ak sekirite finansye (70.1%).
- Konseye yo te konprann bezwen yo (78.6%) epi yo te bay enfòmasyon itil pou ede yo chwazi yon objektif travay (71.1%).

Plis pase 80% nan moun ki te reponn nan sondaj la te di konseye yo:

- Te koute yo (81.2%).
- Trete yo ak diyite ak respè (86.7%).

Lè yo mande si yo ta rekòmande FDVR bay lòt moun, 80.5% moun ki reponn sondaj la di yo ta fè sa.

## Pri Steven R. Wise

**Diana Adams** patisipe aktivman nan pwojè gouvènman ak kominote yo ki bay pouvwa epi amelyore lavi moun ki gen andikap. Li vin pi jèn manm eli Konsèy Vil la. Diana sèvi ak pozisyon li pou li defann chanjman nan règleman yo, ni nan nivo lokal ni nan nivo eta a, pou amelyore lavi moun ki gen andikap yo. Ane pase a, Diana te òganize yon kolaborasyon ant Vil West Melbourne ak Konte Brevard pou yo mete yon pasaj atravè lari ki gen son nan yon gwo kafou toupre yon kote abòdab kote 125 granmoun ki gen andikap ap viv pou kont yo. Li souvan pale ak biznis, òganizasyon ak gwoup sivik yo sou enpòtans pou kreye yon anviwònman ki pa sèlman aksepte moun ki gen andikap, men ki chèche sipòte yo ak bay yo pouvwa.

Diana sèvi tou nan konsèy administrasyon òganizasyon san bi likratif Space Coast Field of Dreams (yon espas pou aktivite espòtif ak enklizif pou moun ki gen bezwen espesyal) kòm Sekretè ak Trezorye. Li montre li gen vizyon pou amelyorasyon ki dire lontan nan travay sa yo, espesyalman lè li sipòte kreyasyon ak anplwaye yon Kowòdonatè pou Gwoup Espesyal. Li kontinye fè òganizasyon an mache pi devan, li rann aktivite rekreyatif tounen pi fasil pou moun jwenn, epi li ankouraje timoun ak granmoun pran swen kò yo ak fè zanmi.

Efò Diana yo ede kreye yon anviwònman ki sipòte moun, ki ankouraje moun ki gen andikap yo pou yo vin pi fò epi patisipe nan kominote a.

**Kathy Davis** gen plis pase 15 lane eksperyans ap bay sèvis enpòtan pou moun ki andikape. Kòm ansyen Konseye VR ki gen anpil eksperyans nan planifikasyon estratejik, kreyasyon pwogram, jesyon chanjman ak reyalizasyon pwojè, Kathy te montre yon gwo pasyon pou ede moun nan kominote li a. Li te pase plizyè ane kòm manadjè Relasyon Biznis epi kounye a li se Asistan Chèf Biwo nan Biwo Sèvis sou Tèren an. Toude wòl yo te bay Kathy chans pou li kontinye patisipe aktivman pou ankouraje endepandans pou moun ki gen andikap.

Menm anvan li te travay ak VR, Kathy te decide pou li te yon manm ki ap bay kontribisyon nan kominote li a. Li te travay kòm Espesyalis Anplwaman pou Divizyon Sèvis pou Moun Avèg nan Eta Karolin di Nò, kote li te responsab pou travay ak biznis yo, fòmasyon pèsonèl ak patnè nan endistri a, rechèch ak pataj konesans, swiv lwa ak règleman yo, ak ranbousman Sekirite Sosyal.

Kathy te ankouraje patisipasyon nan tout eta a nan aktivite chanm komès yo epi li te bay fòmasyon edikatif bay biznis yo pou prepare yo pou yo anplwaye moun ki gen andikap. Li te montre li gen yon vrè pasyon pou ede moun yo chanje lavi yo gras ak edikasyon ak travay. Kathy reprezante pi bon valè yon pwofesyonèl reyadaptasyon epi li toujou respekte vizyon ak misyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl la.

## Konsènan Pri Wise la

Chak ane, FRC bay Pri Stephen R. Wise pou Defans Dwa a bay moun ki gen pasyon epi ki reyalize gwo bagay nan sèvis piblik ki fè yon gwo diferans nan kalite lavi moun ki gen andikap yo.

Pri sa a rekonnèt lidè ak defansè ki dedye yo nan koz la pou ede moun ki gen andikap jwenn endepandans ak diyite atravè travay ki gen sans.

## Moun ki te genyen anvan

**2023** Lori Fahey (Fondatris, The Family Café)

Jessica Dollard (Sipèvizè Inite VR)

**2022** James "Chip" Byers (Propriyetè, Rita's Italian Ice) Isabel Garcia (Prezidan/Direktè Egzekitif, Parent to Parent of Miami)

**2021** Lileana de Moya (Fondatris, Fondasyon de Moya) Repezantan Allison Tant (Chanm Repezantan Florid, Distri 9)

**2020** Ann Siegel, JD (Direktè Jiridik, Disability Rights Florida)

## Vin yon Kliyan VR

Si ou se moun ki gen andikap ki ap chèche jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon karyè, VR kapab ede ou. VR se yon divizyon nan Depatman Edikasyon Florida a, misyon li se ede moun ki gen andikap, ki gen 14 lane epi ki pi gran yo, jwenn yon travay konpetitif epi ki entregre.

### Kiyès ki kalifye pou sèvis VR yo?

Se yon Konseye VR ki detèmine kalifikasyon an sou baz endividyèl. Pou ou kalifye pou sèvis VR yo, ou dwe gen yon andikap fizik ak/oswa mantal ki se yon gwo obstak ki anpeche ou jwenn travay, epi ou bezwen sèvis VR yo pou jwenn, kenbe oswa pwogrese nan yon travay oswa yon karyè. Si ou benefisye Asirans Andikap Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance) oswa Revni Sekirite Konplèmantè (Supplemental Security Income) pou andikap ou a epi ou konte travay, ou ta sipoze kalifye pou sèvis VR.

### Ki sèvis VR genyen pou jèn yo?

Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) pèmèt elèv ki gen andikap yo kòmanse bonè nan egzamine karyè yo vle epi prepare yo pou lavi granmoun. Chak elèv ki gen 14-21 lane ki gen andikap, gen posiblite pou patisipe nan:

- Jwenn konsèy sou fason pou eksplòre travay ;
- Konsèy sou edikasyon apre lekòl segondè;
- Fòmasyon sou fason pou defann tèt ou epi mantora ak lòt kamarad ;
- Fòmasyon pou prepare ou pou travay; epi
- Eksperyans aprantisaj nan travay.

### Kijan mwen kapab aplike?

Kontakte biwo VR lokal ou a pou soumèt yon fòmilè oryantasyon. Ou kapab jwenn biwo lokal ou a sou [RehabWorks.org](http://RehabWorks.org).

# Mesaj Direktè VR

Kòm nouvo direktè VR, mwen rekonesan pou travay moun ki te la anvan mwen yo te fè pou fè divizyon an avanse. Jodi a, VR gen plis establi nan finans li epi li pi responsab, epi gen plis moun nan Florid ki gen andikap k ap vin nan VR pou chèche èd. Nou ka di amelyorasyon sa yo soti nan travay di anlwaye ki sou tèren yo ak sipò chèf divizyon yo ansanm ak chèf leta yo nan plizyè pwojè enpòtan.

Ogmantasyon salè yo te bay anlwaye VR yo te resevwa sipò ni nan men Lejislatif Florid la ni nan men Gouvènè DeSantis. Ogmantasyon an te pèmèt divizyon an kenbe travayè ki gen ladrès epi anlwaye nouvo konseye ak sipèvizè. An jeneral, VR te diminye pousantaj pòs vid li yo pou anlwaye sou teren nan 23% pou rive 14.13% nan dènye ane pwogram nan.

Lajan nou mete pou fòme anlwaye yo ogmante anpil pou nou ka bay chèf yo nan tout nivo nan divizyon an fòmasyon pwofesyonèl espesyal. Fòmasyon pou Sipèvizè yo nan tout eta a ki te fèt nan avril 2024 te ede nou prepare pou travay pi byen ansanm ak lòt depatman yo epi li te pare anlwaye yo pou yo resevwa anpil fòmasyon sou règ federal yo pou jere lajan sibvansyon VR la.

Divizyon an te pran etap reyèl tou pou amelyore komunikasyon ak relasyon yo ak founisè sèvis nou yo ansanm ak tout kominote moun ki gen andikap yo. Reyinyon enfòmasyon ki regilye, komite konseye, ak kreye règleman pou klarifye sa yo mande ak sa yo espere, tout bagay sa yo ede amelyore fason biznis nou mache pou bay pi bon rezilta nan travay pou moun ki gen andikap.

Mwen gen anpil espwa pou m reyalize vizyon m pou amelyore travay ak fòmasyon pou moun Florid ki gen andikap nan tan k ap vini yo.

## Apèsi sou Pwogram lan

VR evalye, planifye, devlope epi bay sèvis pou moun ki gen andikap, dapre fòs yo, resous yo, priyorite yo, enkyetid yo, kapasite yo, enterè yo ak chwa yo fè tèt yo, pou yo ka prepare pou jwenn travay epi rive fè lajan pou kont yo (34 CFR 361.76).

Pou yo ka rive fè sa a, òganizasyon an bay yon pakèt pwogram ak sèvis, tankou: Pre-ETS, Sèvis Travay Jeneral ak Sèvis Travay ak Èd, Travay pou Kont Ou ak Travay pou Kont Ou ak Èd, Tikè pou Travay (Administrasyon Sekirite Sosyal la), Sèvis pou moun ki pa tande, ki tande mal ak ki ni pa tande ni pa wè, Pwogram pou Viv Poukont ou ak Relasyon ak Biznis yo.

Sèvis ak pwogram nou yo mete plis enpòtans sou yon fason pou nou sèvi de (2) gwoup kliyan an menm tan. Nou vle vin premye kote moun ki gen andikap yo vin chèche lè yo bezwen jwenn travay, epi nou vle vin yon pi bon resous pou patwon yo ki bezwen anlwaye ki kalifye.

Menpòt moun, kèlkeswa kalite andikap li genyen, ka jwenn referans pou VR ak pou sèvis VR yo. Si yo jwenn yon moun kalifye, ajans nou an:

- Bay konsèy ak konseye sou kesyon travay ak andikap.
- Ede kliyan yo jwenn objektif yo nan travay epi fòmasyon ak sèvis yo bezwen pou yo rive nan objektif sa a.
- Li mete kliyan yo an kontak ak travay ak karyè ki matche avèk fòs yo, sa yo renmen, kapasite yo ak chwa yo fè lè yo gen bon enfòmasyon.

Pwogram Relasyon Komèsyal VR la konstwi epi kenbe patenarya avèk antrepriz ak endistri yo pa mwayen yon seri sèvis efikas ki konble bezwen patwon yo. Reprezantan Relasyon Komèsyal yo pèsonalize sèvis pou patwon yo, yon fason pou ede patwon yo rekrute, anboche, fè pwomosyon epi kenbe moun kalifye ki gen andikap yo.

Pwogram nou an gen anpil bon efè pozitif sou kliyan VR yo ansanm ak ekonomi Florid la.

## Istwa yon moun ki reyisi: William Espinoza

Pandan ane lekòl 2022-23 la, 6% nan tout kantite elèv Florid ki gen andikap te gen yon kalite pwoblèm nan tèt yo<sup>1</sup>. William Espinoza te youn nan elèv sa yo ki te gen yon objektif travay nan tèt li pou lavni li.

William, yon elèv 21 lane nan lekòl Schoolhouse Preparatory School (Lekòl Preparatwa Schoolhouse) nan Miami, te aplike pou sèvis tranzisyon ak VR nan lane 2021 epi li te resevwa yo. Apre li fin lekòl segondè nan mwa me 2023, li te resevwa konsèy ak konseye, fòmasyon pou prepare l pou ale travay, ansanm ak sèvis pou ede l jwenn travay avèk èd konseye li a, Rositania Sanchez. William te toujou swiv konsèy li yo epi li te gen anpil kouraj pou jwenn yon travay.

Pèseverans li bay rezilta lè Lopital Baptist la anplwaye l kòm Teknisyen Anviwònman, avèk èd moun ki te responsab plase l nan travay la nan DMF Employment Opportunities (Opòtinite Travay DMF). William ap travay 15 èdtan pa semèn kounye a.

"Mesye Espinoza se yon moun ekstraòdinè, li kalm, men li kapab fè travay li", se sa konseye travay li ki soti nan DMF Employment Opportunities di. "Li la chak jou nan travay, li rive bonè, li pa janm an reta, epi li toujou alè. Mesye Espinoza toujou gen yon souri sou figi li."

<sup>1</sup> COE - Elèv ki gen Andikap (Students with Disabilities). (Pa gen dat).

<https://nces.ed.gov/programs/coe/indicator/cgg/students-with-disabilities>

# Done VR Nan yon kout je 2023-2024

## Mezi Jeneral

- **3920** kliyan rive jwenn travay nòmral
- Plis pase **2000** kliyan te resevwa sipò finansye VR pou yo ale nan inivèsite oswa lekòl siperyè ki gen rapò ak travay yo vle fè a.
- **40,074** kliyan resevwa sèvis.
- Yo te konsève **256** travay gras a Sèvis Kenbe Travay yo
- **2928** moun patisipe nan omwen 1 fòmasyon sou travay.

## 3 Premye Kalite Travay

- **35.1%** Travay Biwo ak Sipò Administratif
- **16.2%** Travay ki gen rapò ak preparasyon manje ak sèvis manje
- **11.9%** Travay nan Transpò ak Deplase Machandiz

## Enfòmasyon Demografi Kliyan yo

### Gwoup Laj yo

- 18 an ak mwens: **4.8 %**
- 19-24: **39.2 %**
- 25-44: **32.8 %**
- 45-54: **9.7 %**
- 55-59: **5.3 %**
- Pase 60: **8.2 %**

### Ras moun yo ki resevwa sèvis

- Blan: **68 %**
- Nwa/Afro Ameriken: **25.8 %**
- Azyatik: **2.2 %**
- Plis pase yon ras: **1.7 %**
- Endyen Ameriken/Moun Alaska Natif Natal: **1 %**
- Natif Natal Awayi/Moun zile Pasifik: **0.5 %**

### Kategori Prensipal Andikap Kliyan yo ki Resevwa Sèvis

- Sikolojik oswa ki gen rapò ak lespri ak sosyete: **46.8 %**
- Kognitif: **27.5 %**
- Fizik: **16.8 %**
- Pou tandè oswa pou kominike: **7.8 %**
- Vizyèl: **1.2 %**

## Mezi Pèfòmans WIOA yo

- **54.5 %** To anplwa nan 2yèm trimès apre sòti a
- **53.3 %** To anplwa nan 4yèm trimès apre sòti a
- Salè an mwayèn **\$4920** apre 2yèm trimès la
- **37.9 %** moun ki resevwa diplòm
- **41.7 %** Pwogrè Mezirab Konpetans

# Istwa yon moun ki reyisi YourTEK Professionals (Pwofesyonèl Teknoloji Pa Ou)

Gen kèk ane sou sa, September ak Joshua Dye te louvri yon biznis yo rele YourTEK Professionals pou kreye yon kote ou ka jwenn tout sa ki gen rapò ak teknoloji. Men, yo te gen yon ti lajan sèlman epi yo te enkyete pou yo te jwenn anplwaye kalifye pou rantre nan ekip yo a. Se lè sa a yo te prezante fanmi Dyes yo bay VR ak Repezantan Relasyon Biznis lokal yo a. Yo te aprann sou sèvis VR genyen espesyalman pou patwon k ap chèche anplwaye moun, epi yo te konnen se te ka èd YourTEK te bezwen an. September ak Joshua te mete yon bon sistèm rekritman ak VR ki fè konpayi yo pa janm manke moun menm si anplwaye ansyen yo kite oswa monte nan pozisyon pi wo. Fanmi Dyes la toujou ann kontak ak VR epi yo asire yo kontakte yo nenpòt lè yo bezwen yon lòt kandida ki kalifye.

## Bon Pratik nan Sante Mantal

Plasman ak Sipò Endividyèl (Individual Placement and Support, IPS) se yon pratik ki baze sou prèv ki ede moun ki gen pwoblèm sante mantal jwenn yon travay entegre ki konpetitif nan sosyete a. Epitou, IPS ankouraje edikasyon jeneral ak fòmasyon teknik kòm mwayen pou fè karyè yo pwogrese.

Nan Florida, yo bay IPS yo nan kad yon kolaborasyon ant Biwo pou Abi Sibstans ak Sante Matal (Office of Substance Abuse and Mental Health, SAMH) Depatman pou Timoun ak Fanmi an, VR, òganizasyon jesyon sante konpòtmantal yo, epi yon rezo founisè kominotè ki pa sispann ogmante. VR travay ansanm ak founisè nan kominote yo ki itilize apwòch IPS la pou bay sèvis travay ak sipò pou moun ki gen gwo pwoblèm sante mantal.

Dènye pwojè pilot IPS VR yo gen kòlaborasyon ak Citrus Health Network (nan konte Miami-Dade), Helping People Succeed (nan konte Martin) ak Carrfour (nan konte Brevard).

VR ak SAMH kontinye ap chèche mete IPS sou pye epi yo gen entansyon pilote IPS nan lòt sit selon kapasite ak ogmantasyon enterè a. Pou aprann plis konsènan IPS, ale sou [www.ipsworks.org](http://www.ipsworks.org).

### Benefis IPS pou moun k ap patisipe yo

- Èd pou jwenn yon travay konpetitif ki koresponn ak preferans yo
- Angajman rapid
- Entegrasyon pou sèvis klinik ak travay
- Planifikasyon avantaj
- Sipò ilimite tank tan ap pase

### Benefis IPS pou founisè yo

- Fòmasyon ki ap kontinye epi èd teknik nan men yon Fòmateur IPS
- Egzamen fidelite chak ane
- Sipò ak kolaborasyon yon seri Konseye VR

# Sèvis Tranzisyon Avan Travay

## Ki sa Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-Employment Transition Services (Pre-ETS)) ye?

Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-Employment Transition Services, Pre-ETS) pèmèt elèv ki gen andikap yo kòmanse bonè nan egzamine karyè yo vle epi prepare yo pou lavi granmoun. Objektif la se pou elèv yo ka eksplòre diferan metye, devlope kapasite pou yo travay, pratike fason pou yo ka viv ak lòt moun, epi jwenn yon rezo moun nan kominote a ki ka sipòte yo pandan y ap toujou nan lekòl segondè.

## Kilès ki Kalifye pou Resevwa Sèvis Tranzisyon Avan Travay (Pre-ETS)?

Elèv ki gen laj 14 rive 21 lane, ki nan lekòl kounye a epi ki gen yon andikap ki ekri sou papyè, yo ka patisipe nan Pre-ETS.

## Ki definisyon yon elèv ki gen andikap?

Seksyon 413.301, Lwa Eta Florid la, defini yon elèv ki kalifye pou Pre-ETS kòm yon moun ki gen yon andikap ki gen dokiman (pa egzanp IEP, plan 504 oswa lòt dokiman).

## Kisa ki diferans ant moun ki ka kalifye e moun ki kalifye?

Pifò sèvis VR yo mande pou moun k ap aplike yo resevwa yon desizyon ki di si yo kalifye anvan yo patisipe. Men, Pre-ETS sèlman mande pou elèv yo rantre nan definisyon elèv ki gen andikap pou yo ka resevwa sèvis yo. Sa vle di nenpòt elèv ki gen andikap, yo voye bay VR, ka patisipe nan Pre-ETS san yo pa oblije aplike oswa pou yo pa verifye si yo kalifye pou resevwa sèvis VR yo.

## Ki senk Pre-ETS obligatwa yo ye?

VR oblije, dapre règleman 34 CFR 361.48(a)(2), bay Sèvis Tranzisyon sa yo anvan Anplwa:

- Konsèy pou Chèche Travay: Eksplòre diferan chemen nan karyè ki pi bon pou elèv la selon kapasite li yo, talan li, dispozisyon li ak sa li renmen fè.
- Fòmasyon pou Prepare Ou pou Travay: Konsantre sou jan pou moun jwenn travay ak konpetans ki gen rapò ki prepare elèv yo pou yo travay. Sa gen ladan ekri CV, fè egzèsis entèvyou ak chèche epi aplike pou travay.
- Eksperyans Aprantisaj nan Zafè Travay: Ofri yon ekspozisyon pratik nan divès karyè ak yon fòmasyon pratik pou ba w konpetans pou w jwenn yon nouvo travay.
- Fòmasyon sou Defann Tèt Ou: Montre elèv yo kijan pou yo pale sou sa yo bezwen epi pran desizyon pou yo vin pi endepandan. Sa gen ladan konseye ant kamarad.
- Konsèy sou edikasyon apre lekòl segondè: Bay enfòmasyon sou opsyon fòmasyon pèmanan, chwa lekòl, aksè ak èd finansye, elatriye.

## Ki diferans ki genyen ant Pre-ETS ak sèvis yo bay nan lekòl?

Byenke gen kèk bagay ki sanble ant sèvis Pre-ETS yo ak sèvis lekòl yo, diferans la chita nan "objektif final la." Sèvis lekòl yo bay la souvan konsantre sou etid, men Pre-ETS yo jeneralman konsantre sou objektif travay elèv la alontèm. Tou de (2) sèvis yo gen valè e yo itil pou elèv la.

## Ki avantaj Pre-ETS genyen??

Lè elèv yo patisipe nan Pre-ETS, yo aprann kapasite ak esperyans ki enpòtan ki pral sèvi yo pou tout lavi yo. Sa gen ladan konpetans sosyal, konpetans pou jwenn travay, tankou jan pou ekri yon CV ak rezoud pwoblèm, fòmasyon pratik, konseye ant kamarad ak plis ankò.

### Done Enpòtan Pre-ETS

- **\$34,212,952** depanse pou sèvi elèv Florid yo nan ane fiskal 2023-2024.
- Yo te resevwa **4,243** rekòmandasyon ki soti nan lekòl yo pou Pre-ETS nan ane fiskal eta 2023-2024.
- **19,311** elèv te resevwa sèvis pandan ane finansye eta a 2023-2024.

## Istwa yon moun ki reyisi: Christine Gerard

Pandan Christine Gerard t ap lite ak pwoblèm enkyetid jeneral ak maladi kè, li te jwenn li difisil pou jwenn yon travay ki peye l menm jan yo te konn peye l anvan, men sa pa t dekouraje l. Li te deside pou li aprann tout kalite konesans ak eksperyans li bezwen pou li jwenn yon travay. Christine te vin konnen VR gras a yon ansyen kliyan VR ki te ede l rekòmanse gen volonte pou l vin endepandan finansyèman. Gras ak konsèy Konseye VR li a, Christine te kapab rekonèt konpetans li yo ki ka sèvi l nan lòt domèn epi sa louvri pòt pou plizyè opsyon travay pou li. Kounye a, Christine prepare kou yo epi li anseye kou medikal ak kou dantè. Li di travay li te toujou reve fè a vin reyalize gras a VR, epi divizyon an "te chanje lavi l."

## Istwa yon moun ki reyisi: Austin Henson

Austin Henson toujou renmen aprann. Lè li fin ak edikasyon segondè li a, li te konnen inivèsite se te pwochen etap la pou li. Kòm yon moun ki gen otis, Austin di li te santi li gen kè sere lè l ap pale ak lòt moun yo epi li te enkyete sou fason sa a ta ka gen efè sou kapasite l pou l ale nan inivèsite. Men aprè li fini lekòl segondè a, yon konsèyè VR rive jwenn Austin pou ede li ak objektif edikasyon ak travay li yo. Li konekte Austin ak yon pwogram yo rele Eagle Connections (Koneksyon Èg) nan Tallahassee State College (Inivèsite Eta Tallahassee) ki ede moun ki gen enfimite yo jwenn kredi inivèsite ak vin pi endepandan. Avèk èd VR, Austin te kapab diplome nan Eagle Connections ak yon sètifika Ready 4 Work (Pare pou Travay), epi li gen nouvo motivasyon pou l jwenn travay pèmanan li. Austin ak fanmi li yo ap di mèsi anpil pou fason VR te ede li nan chemen l pou l vin yon granmoun.

## Career Camps (Kan Pwofesyonèl)

VR Career Camps (Kan Pwofesyonèl) yo se yon seri sèvis ki prepare yon moun ki patisipe nan pwogram nan pou li ka pase nan lekòl segondè ak etid nan inivèsite, fòmasyon oswa travay. Konpayi VR yo gen libète pou yo kreye yon eksperyans Career Camp (Kan Pwofesyonèl) ki inik ak ki amizan lè yo bay nenpòt konbinezon sèvis Pre-ETS yo ki idantifye nan Workforce Innovation and Opportunity Act/WIOA (Lwa sou Inovasyon nan Travay ak Opòtinite) ak 34 CFR 361.48(a)(2) (Kòd Règleman Federal 34, seksyon 361.48(a)(2)) nan yon fòm ki rasanble. Senk sèvis yo se:

- Konsèy sou edikasyon apre lekòl segondè
- Konsèy pou Chèche Travay
- Fòmasyon sou Defann Tèt Ou
- Aprantisaj nan travay
- Fòmasyon pou Prepare Ou pou Travay

Kan Pwofesyonèl yo disponib lè lekòl yo fèmen pou omwen twa jou lekòl konsekitif, tankou pandan Prentan, Ete, Otòn ak ivè.

Nan ane eskolè 2023-2024 la, pi plis pase 4,000 elèv yo te patisipe nan omwen yon aktivite Kan Pwofesyonèl.

## Istwa yon moun ki reyisi: Hyatt Place nan Ayewopò Pensacola

Hyatt Place ki nan Ayewò Pensacola te gen kòm yon kote ki bay fòmasyon sou travay depi 2019. Gras ak patenarya yo ak Ekip Relasyon Biznis nan Pwogram Reyadaptasyon Pwofesyonèl la, Hyatt Place te jwenn aksè ak yon gwoup moun ki kalifye, ki gen andikap, ki anvi travay nan domèn otèl, restoran ak lòt sèvis kliyan. Youn nan gwoup fòmasyon sou travay yo te sèvi ant 2023-2024 te fini ak senk nan sis kliyan VR yo ki resevwa travay pèmanan. Direksyon nan Hyatt Place kontinye jwe yon gwo wòl nan siksè moun k ap pran fòmasyon sou travay yo. Chak jou, chèf Hyatt yo ap travay ak moun k ap aprann yo pou devlope konesans ak kapasite ki nesèsè pou yo fè travay la jan konpayi an mande l. Tout anplwaye Hyatt Place, nan tout nivo, dakò ke patenarya yo ak VR te ede yo pi pre kominotè kote yo bay sèvis yo.

## Rekonpanse Pwogrè Elèv yo: Pwogrè Mezirab Konpetans

### Kisa ki Pwogrè Mezirab Konpetans (Measurable Skill Gain, MSG)?

Yon pwogrè nan konpetans ki ka mezire se yon pwogrè nan lekòl, nan teknik, nan travay oswa lòt fòm devlopman ki gen prèv sou papyè, ki mennen nan jwenn yon sètifika oswa yon travay<sup>1</sup>.

### Poukisa MSGs enpòtan?

MSG yo se yon bon fason pou elèv yo, fanmi yo, konseye yo ak patwon yo ka swiv pwogrè elèv la epi wè ki pi bon etap pou li pran apre. Kit moun yo vle kontinye ale lekòl, jwenn yon bon travay, oswa amelyore kapasite yo, lè yo aprann nouvo bagay yo ka mezire, sa ka ba yo enfòmasyon ak ladrès yo bezwen pou yo reyisi apre yo fini lekòl segondè.

## Kijan yo kalkile MSG yo?

Yo kontwole chif MSG la lè yo gade konbyen pousan elèv ki nan yon pwogram k ap bay yo yon diplòm apre lekòl oswa k ap ede yo jwenn travay pandan ane a. Yo kalkile endikatè pèfòmans pou pwogre nan konpetans lè yo divize kantite total moun ki fè pwogre a ak kantite total moun ki nan pwogram nan.

## Ki sa ki 5 kalite MSG yo ye?

- Nivo Edikasyon: Prè ekri ki montre yon patisipan, ki ap resevwa ansèyman ki anba nivo kolèj/inivèsite, rive monte omwen yon nivo lekòl. Sa vle di gen papye ki pwouve li fè pwogre pou li pase omwen yon nivo.
- Diplòm lekòl segondè oswa ekivalan: Prè ou fin jwenn diplòm lekòl segondè oswa yon ekivalan yo rekonèt.
- Relve nòt lekòl segondè oswa relve nòt inivèsite: Yon bilten oswa relve nòt montre ke moun nan ap jwenn nivo akademik yo mande a.
- Etap enpòtan nan fòmasyon: Rapò ki soti nan men yon anplwayè oswa yon moun k ap bay fòmasyon ki montre etap enpòtan moun nan rive fè, tankou konplete yon fòmasyon sou travay, fini yon ane nan yon pwogram aprantisaj, oswa lòt etap enpòtan ki sanble ak sa yo.
- Pwogre konpetans: Prè ou pase yon egzamen ki nesèsè pou yon metye oswa pwogre w fè nan aprann yon konpetans teknik/pwofesyonèl jan sa montre nan nòt travay ou yo.

## Kijan VR ede elèv yo reyalize MSG yo?

Pou reyalize misyon VR la ki se ede moun ki gen andikap jwenn travay epi kenbe travay yo, epi pou yo vin pi endepandan, VR ofri anpil opòtinite pou edikasyon ak fòmasyon pou elèv ki vle amelyore kapasite yo. Sa gen ladan eksperyans aprantisaj nan travay, Pwojè SEARCH ak opòtinite edikasyon apre segondè ki gen plas pou tout moun.

## Pousantaj moun ki patisipe yo ki gen yon MSG pou 2023-2024

- Zòn 1: **29.7 %**
- Zòn 2: **34.1 %**
- Zòn 3: **38.9 %**
- Zòn 4: **37.6 %**
- Zòn 5: **48.4 %**
- Zòn 6: **39.1 %**
- Zòn 7: **42.3 %**

<sup>1</sup> 34 CFR 361.155 -- Ki sa ki endikasyon pèfòmans prensipal yo selon Lwa Inovasyon ak Opòtinite nan Travay? (What are the primary indicators of performance under the Workforce Innovation and Opportunity Act?) (pa gen dat). <https://www.ecfr.gov/current/title-34/subtitle-B/chapter-III/part-361/subpart-E/ seksyon-361.155>

# Kenbe bon anplwaye: Gen bon chanjman nan pousantaj pòs ki vid nan VR

Lejislatif Florid la te vote, epi Gouvènè Ron DeSantis te siyen, yon ogmantasyon salè istorik pou anplwaye VR yo pandan sesyon lejislatif 2022-2023 la. FDVR la te kòmanse monte salè travayè yo plizyè ane anvan FRC te rekòmande sa nan Plan Leta 2020-2024 la.

Avèk èd direksyon Depatman Edikasyon an, VR te ka bay yon bon plan salè nan pwopozisyon bidjè Divizyon an. Yo aksepte plan salè an, ki te yon gwo moman pou ekip travayè VR yo. Anplwaye yo ki bay sèvis dirèk bay kliyan yo se yo ki te chwazi pou resevwa ogmantasyon an, tankou Teknisyen VR, Konseye, Grankonseye, Konsiltan ak Sipèvizè Inite.

Depi pwojè a fini, VR wè bon rezilta ki dire lontan epi yo kontinye gade opòtinite pou ogmante salè pou pòs ki pa t konsène nan premye pwopozisyon pou salè yo. Enpòtan pou note, Divizyon an te wè pòs vid yo diminye sèt pou san. Pousantaj pòs vid pou kou konseye VR yo kounye a se 14.13%, li desann soti nan 23% li te ye avan an, epi pousantaj pòs vid VR an jeneral kounye a se 14.59%, li desann soti nan 22% li te ye avan an.

Tit Klas la	Pousantaj pòs vid Jen 2023	Pousantaj pòs vid Septanm 2024
Teknisyen Reyadaptasyon Pwofesyonèl	24 %	11 %
Konseye Senyò nan Reyadaptasyon Pwofesyonèl	29 %	18 %
Konseyan pou Reyadaptasyon Pwofesyonèl	14 %	1 %
Sipèvizè nan Reyadaptasyon Pwofesyonèl	5 %	3 %

## Istwa yon moun ki reyisi: Zachary Hoaglund

Pou moun ki gen otis, fini lekòl segondè ka difisil, men avèk anpil travay di ak detèminasyon, Zachary Hoaglund te gradye ak onè. Se te nan peryòd sa a li te rankontre premye konseye VR li a ki te wè detèminasyon li epi ki te ankouraje l kontinye etid li. Avèk èd VR la, Zack te fè diplòm asosye li a epi apre sa li te jwenn diplòm lisans li, ak onè, nan fè fim.

Lè Zack te fè estaj nan estasyon PBS Miami an, li te amelyore kapasite l nan fè fim yo epi li te make chemen l pou kreye, pwodui ak parèt nan de (2) fim ki te prezante nan festival fim entènasyonal yo. Apre sa, yo te ofri l prensipal wòl la nan yon fim ki te resevwa yon pri nan Festival Fim Kout Los Angeles la.

Depi lè sa a, Zack te kreye pwòp konpayi pwodiksyon medya pa l ki rele Pageturner Entertainment, ki konsantre sou fè fim ki pale sou bezwen moun ki gen andikap ansanm ak pwoblèm anviwònman. Li

te kreye tou yon fason pou rakonte istwa ak imaj ki rele Pageturner Adventures with Zack, kote I li liv pou timoun yo ak mizik ak efè vizyèl.

Mwen toujou ap chèche pwochen pwojè m, ak pwochen opòtinite pou m travay ak lòt moun ki renmen fè sinema pou bay istwa yo lavi. Se paske Reyadaptasyon Pwofesyonèl la te bay mwen sipò finansye ki fè m rive reyalize rèv mwen te genyen lè m te jèn.

## Vin yon Vandè VR

### Kisa yon Vandè ye?

Yon vandè se yon moun oswa yon antrepriz ki bay kliyan VR sèvis nan objektif fè yo jwenn travay. Sèvis sa yo se kapab sèvis medikal, posiblite fòmasyon ak/oswa ekipman espesyalize, pou n site sa yo sèlman.

### Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl

- Teknoloji ak Aparèy Èd
- Konsèy ak Oryantasyon Pwofesyonèl
- Ankadreman ak Plasman nan Travay
- Evalyasyon Espas Travay ak Lojman
- Evalyasyon Medikal ak Sikolojik
- Fòmasyon Nan Espas Travay
- Sèvis Tranzisyon Avan Travay
- Sèvis Travay Asiste ak Pèsonalize
- Tretman Medikal ak/oswa Sikolojik ki Limite nan Tan
- Fòmasyon ak Edikasyon Apre Lekòl Segondè epi
- Evalyasyon ak Planifikasyon Fòmasyon Pwofesyonèl

Pou w aprann plis sou kijan pou w vin yon vandè pou Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl la, tanpri kontakte nou nan [VRVendors@vr.fldoe.org](mailto:VRVendors@vr.fldoe.org).

# Definisyon Done yo ak Akwonim yo

*Nan lòd yo parèt*

## **Mezi**

Definisyon ak/oswa kalkil.

## **Fason yo mezire sa kliyan yo di nan sondaj**

Kesyon nan sondaj la mezire pousantaj moun ki reponn epi ki chwazi 'Mwen dakò nèt' oswa 'Mwen dakò yon ti jan' pou chak deklarasyon. Yo kalkile pousantaj la lè yo divize kantite total repons 'dakò' yo pa kantite total tout repons yo.

## **Pousantaj Pòs Vid**

Pòs vid se nenpòt lè yon pozisyon vin vid, kit se volontè oswa pa volontè. Sa gen ladan retrèt, pwomosyon, transfè, revokasyon ak demisyon volontè. Yo kalkile pousantaj pòs ki vid la lè yo divize kantite pòs ki te vid pandan tout ane a pa total kantite pòs yo.

## **Patisipan VR**

Yon moun ki te aplike epi yo te deside li kalifye pou sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR), ki gen yon Plan Travay Pèsonalize (IPE) yo te apwouve epi siyen, epi ki te kòmanse resevwa sèvis VR yo.

## **Travay Konpetitif Entegre**

Pou moun k ap patisipe nan pwogram VR la, Travay Konpetitif Entegre rive lè yon moun travay pandan 90 jou ki swiv nan yon kote travay kote yo peye moun ki gen andikap kòrèkteman, yo travay ak lòt moun ki pa gen andikap epi yo gen menm opòtinite pou avanse tankou kòlèg yo.

## **Resevwa Sèvis yo**

Kantite kliyan VR ki gen yon Plan Pèsonèl pou Travay yo apwouve epi ki te resevwa sèvis nan domèn travay, edikasyon oswa lòt sèvis pandan peryòd rapò a.

## **Fòmasyon Nan Travay**

Fòmasyon nan Travay la bay moun ki nan pwogram VR a chans pou yo resevwa antrènman sou konpetans travay espesifik pa yon patwon ki ta ka anplwaye yo. Anjeneral, yo peye patisipan an pandan li nan fòmasyon an epi li gen chans pou li jwenn travay apre li fin byen fòme.

## **Domèn Travay (Plasman)**

Domèn travay yo baze sou sistèm klasman travay Biwo Estatistik Travay Etazini an.

## **To Anplwa 2yèm/4yèm Trimès Apre Soti**

Pousantaj moun ki te nan pwogram nan ki gen travay konpetitif ak entegre pandan 2yèm / 4yèm trimès apre yo soti nan pwogram nan.

## **Salè mwayen nan 2yèm trimès apre w fin kite**

Pousantaj patisipan pwogram yo ki gen travay konpetitif ak entegre pandan 2yèm trimès apre yo fin soti nan pwogram nan.

## **To moun ki jwenn diplòm oswa sètifika**

Pousantaj moun k ap patisipe ki:

- Jwenn yon diplòm oswa sètifika apre segondè yo rekonèt anvan w sòti nan pwogram nan oswa jiska 1 an apre w fin kite pwogram nan; oswa
- Jwenn yon diplòm lekòl segondè oswa ekivalan li, epi enskri nan lekòl siperyè oswa jwenn yon travay nan yon ane apre w soti nan pwogram nan.

## To pwogrè nan konpetans yo ka mezire

Pousantaj moun kap patisipe nan yon pwogram edikasyon oswa fòmasyon ki mennen nan yon diplòm ofisyèl lekòl segondè oswa inivèsite, oswa nan yon travay, epi ki reyisi jwenn objektif yo paske yo gentan reyalize omwen yon kalite pwogrè.

## Sèvis pou kenbe travay

Yon sèvis yo bay selon desizyon ki pèmèt VR bay sèvis oswa ekipman espesifik pou moun ki riske pèdi travay yo.

Akwonim	Siyifikasyon
VR	Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl
FRC	Konsèy Reyadaptasyon Florida
CRP	Founisè Reyadaptasyon nan Kominote a
Pre-ETS	Sèvis Tranzisyon Avan Travay
OJT	Fòmasyon Nan Espas Travay
SFY	Ane Fiskal Eta a
MSG	Pwogrè Mezirab Konpetans

Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Division of Vocational Rehabilitation, VR), se yon enstitisyon travay ki respekte prensip egalite. Li ilegal pou VR, kòm benefisyè èd finansye Federal, fè diskriminasyon sou moun Ozetazini sou baz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, afilyasyon politik oswa kwayans. Pwosesis aplikasyon VR itilize pou detèmine kalifikasyon pou sèvis yo, nenpòt sèvis ki vini apre yo ansanm ak pwosesis konplè VR la respekte egzijans zewo diskriminasyon sa yo. Gen èd ak sèvis oksilyè ki disponib sou demann pou moun ki gen andikap. Pwogram VR la resevwa 78,7 pousan nan finansman li yo pa mwayen yon sibvansyon Depatman Edikasyon Etazini an. Pou ane fiskal Federal 2024 la, kantite total lajan sibvansyon yo te resevwa a se \$184,931,573. Florida State Appropriations te finanse rès 21.3 pousan ki rete nan depans yo (\$50,051,366). Revize an oktòb 2024.